



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**DEKLARATION GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL SOU REVIZYON JIJ JONATHAN LIPPMAN SOU POLITIK ANTISEMITIS AK ANTIDISKRIMINASYON NAN CUNY**

***Aprè yon ogmantasyon nan antisemitis nan kanpis la, Gouvènè Hochul te chaje jij Lippman pou l fè yon revizyon konplè sou politik antisemitis ak antidiskriminasyon nan CUNY***

***Rapò konplè yo bay Gouvènè Hochul la disponib [isit la](#)***

"Pi gwo priyorite mwen antanke Gouvènè te toujou asire pwoteksyon ak sekirite chak Nouyòkè, e kounye a, twòp elèv nan kolèj ak inivèsite nou yo pa santi yo an sekirite. Kite m di nou byen klè: nou pa pral tolere menas antisemitis oswa rayisans nan nenpòt fòm. Chak Nouyòkè dwe lib pou viv, aprann ak adore san yo pa pè asèlman oswa vyolans.

Menm anvan atak terib 7 oktòb yo, New York te aktivman konbat rayisans— ak mezi tankou piblikasyon premye plan Etazini an nan tout eta a pou konbat antisemitis ak finansman sekirite pou enstitisyon ki riske sibi atak ki alimante pa rayisans yo. Mwen te chanje lwa sou kosyon yo pou reprimande krim rayisans yo epi mwen te deplwaye pèsònèl Eta anplis nan Gwoup Travay Kont Teworis Konjwen (Joint Terrorism Task Force) FBI la. Pandan anivèsè trajik atak 7 oktòb la ap pwoche, n ap anonse resous adisyonèl pou asire sekirite ak byennèt tout Nouyòkè yo.

Mwen vle remèsye Jij Jonathan Lippman pou travay li fè pou pwodui yon rapò konplè sou politik antisemitis ak antidiskriminasyon nan CUNY. Rayisans sou lakou lekòl la te ogmante nan tout peyi a pandan ane ki sot pase a, epi nou te bezwen yon revizyon fran sou fason ki pi byen pwoteje elèv nou yo. Aprè mwen fin revize rapò Jij Lippman lan, mwen te mande CUNY pou aplike 13 rekòmandasyon li yo, ke mwen kwè ki pral fè yon enpak enpòtan nan prevansyon ak abòde ensidan fiti yo. Mwen espere ke CUNY pral adopte rekòmandasyon sa yo, epi yo te deja pran premye etap yo pou adrese konklizyon Jij la. Mwen ankouraje chak kolèj ak inivèsite nan Eta New York pou yo revize rekòmandasyon Jij Lippman kòm yon gid pou ede asire ke kominote kanpis yo a se yon kote akeyan epi ki an sekirite pou moun ki gen tout lafwa ak orijin."

Gouvènè Hochul te [chaje Jij Lippman](#) pou l fè yon revizyon konplè sou politik antisemit ak antidiskriminasyon CUNY nan mwa Oktòb pase a aprè yon ogmantasyon nan

ensidan rayisans ak prejije apre atak laterè Hamas yo. Jij Lippman te bay yon plan aksyon ki gen 13 pwen pou CUNY aplike imedyatman pou adrese antisemitis ak lòt fòm diskriminasyon oswa rayisans sou kanpis yo epi pwoteje etidyan ak pwofesè jwif yo:

- Santralize resous pou fè fas ak diskriminasyon nan kreye yon sant nan tout inivèsite a pou adrese antisemitis ak lòt fòm rayisans ak etabli yon siveyans entèn kont antisemitis ak rayisman.
- Revize pòtay rapò kont diskriminasyon ak reprezay CUNY an nan tout inivèsite a pou pi byen sipòte moun ki pote plent kont antisemitis ak diskriminasyon.
- Ede viktim antisemit ak diskriminasyon navige pwosesis investigasyon an epi idantifye resous ki disponib nan etabli yon pwogram Defans Viktim santralize.
- Kowòdone avèk fòs lòd la ak ekspè sekirite pou etabli pwotokòl sekirite estanda pou ede pwoteje tout moun epi asire tout moun santi yo an sekirite sou kanpis CUNY yo.
- Bay konsèy ak fòmasyon pou responsab divèsite anchèf kanpis yo ak lòt moun ki responsab pou mennen ankèt sou akizasyon antisemitis ak diskriminasyon epi aplike yon sistèm sipèvizyon ankèt.
- Sèvi ak prensip definisyon antisemitis Alyans Entènasyonal pou Souvni Olokos (International Holocaust Remembrance Alliance, IHRA) kòm yon gid pou ede detèmine kisa ki ka konstitye antisemitis, an akò ak pwoklamasyon 2022 Gouvènè Hochul ki idantifye definisyon IHRA kòm yon zouti ki gen anpil valè.
- Asire tout moun ki nan CUNY, ki gen ladan lidèchip kanpis la ak responsab divèsite anchèf, sèvi ak lalwa kòm yon gid lè y ap jere ensidan antisemit sou lakou lekòl la, kèlkeswa opinyon pèsonèl yo sou sa ki reprezante antisemit.
- Mete ajou règleman ak pwosedi aktyèl yo pou asire yo bay konsèy inifòm ak klè pou adrese ensidan modèn antisemit ak lòt fòm rayisans, tankou itilizasyon medya sosyal; fòm elèv yo, pwofesè yo ak anplwaye yo sou règleman sa yo; epi toujou revize epi mete ajou règleman sa yo alavni pou asire yo pa vin demode.
- Toujou rann elèv yo ak pwofesè yo responsab pou konduit ki vyole règleman ak pwosedi CUNY yo atravè etablisman nouvo pwotokòl ki klè.
- Ekri epi adopte yon Règleman konplè sou Libète Lapawòl ak Konduit Ekspresif, ki gen ladan règ klè pou lè, kote ak fason pou konduit ekspresif sou kanpis yo, ki an akò avèk Premye Amannman an.
- Ankouraje lidèchip pou dirije atravè egzanp epi pale avèk fòs kont antisemit ak nenpòt fòm rayisans, menm lè li pa ka vyole dirèkteman lalwa oswa politik CUNY yo.
- Ogmante efò pou fòm ak rekrite pwofesè ak anplwaye ki toujou ankouraje ak pwomouvwa enklizivite, dyalòg konstrikatif ak tolerans.
- Pwomouvwa dyalòg pami moun ki gen opinyon diferan epi kreye-plis pwogramasyon konjwen.

Revizyon konplè ak rekòmandasyon Jij Lippman yo disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)